

**UJUB SLAMETAN SAJRONE SIKLUS PANGURIPAN ING DESA GEDANGAN KECAMATAN  
KARANGREJO KABUPATEN TULUNGAGUNG  
(Tinting Wujud lan Nilai Budaya Jawa)**

**RATIH SWANDAYANI  
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**

**Abstrak**

Ujub mono awujud basa kang diucapake dening tukang ngajatake slametan sawise saperangan asahan utawa sajen utawa ambeng kang wis cumawis miturut niat kajate slametan. Sanajan ing jaman modern, nanging masyarakat desa Gedangan kecamatan Karangrejo kabupaten Tulungagung, isih tumemen anggone ngugemi tradhisi ujub kanthi urut lan jangkep. Panliten iki kadhapuk karena pepinginane panliti kanggo mbiyantu nguri-uri kabudayaan Jawa ing desa Gedangan mligine. Tradhisi ujub iki, ditintingi nggunakake tintingan wujud lan idealisme nilai budaya Jawa, yaiku karakteristik idealistis nilai religius Jawa, karakteristik idealistis nilai filosofis Jawa, karakteristik idealistis nilai etis Jawa, lan karakteristik idealistis nilai estetis Jawa.

Underane sajrone panliten iki, yaiku (1) kepriye wujud ujub sajrone slametan siklus panguripan, lan (2) kepriye idealisme nilai budaya Jawa sajrone ujub slametan ing siklus panguripan. Adhedhasar underane panliten kasebut, panliti nduweni tujuwan (1) njlentrehake wujud ujub sajrone slametan siklus panguripan, lan (2) njlentrehake idealisme nilai budaya Jawa sajrone ujub slametan ing siklus panguripan. Saka asile panliten iki dikarepake bisa menehi kawruh lan gegambaran ngenani ujub slametan sajrone siklus panguripan ing desa Gedangan kecamatan Karangrejo kabupaten Tulungagung, bisa kanggo nglestarekake tradhisi Jawa ngenani slametan sajrone siklus panguripan wiwit lair nganti tumekane pati, uga panliten iki minangka dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat desa Gedangan ngenani tradhisi lan budaya Jawa kang isih diuri-uri, lan dikarepake bisa menehi *motivasi* marang panliti liyane supaya nindakake panliten sabanjure.

Kanggo ngonceki underane panliten sajrone tradhisi ujub, nggunakake konsep-konsep kang ana gegayutane karo panliten, yaiku konsep-konsep kang ngandharake konsep kabudayaan lan konsep adat lan tradhisi miturut panemune Koentjaraningrat, lan konsep nilai budaya. Konsep ngenani nilai religius, filosofis, etis nggunakake panemune Saryono. Konsep nilai estetis nggunakake panemune Padmosoekotjo ngenani tatanane tembung-tembung ing kasusastran Jawa.

Panaliten iki nggunakake ancangan deskriptif kualitatif, kanthi data kang diasilake awujud data lesan lan dhokumentasi. Data lesan awujud asil wawancara kang ditranskripsi lan dhokumentasi foto-foto ambeng utawa sajen kang digunakake sajrone slametan. Panliten iki nggunakake teknik observasi, wawancara, dhokumentasi, rekam, lan transkripsi.

Asile saka panliten, yaiku nganalisis wujud basa ujub saka asil wawancara informan, banjur ditranskripsi. Sadurunge nindakake wawancara ujube slametan lan katrangan-katrangan kang gegayutan ngenani ujub lan slametan, panliti nyathet slametan-slametan apa wae kang umume ditindakake masyarakat desa Gedangan wiwit slametan klairan nganti slametan wong ninggal donya. Banjur asil wawancara kang isih asli basane ditata, lan didadekake materi kanggo panliten kang njlentrehake ngenani nilai-nilai kang kinandhut sajrone basa ujub mau. Adhedhasar basa ujub, dipikolehi nilai-nilai religius, filosofis, etis, lan estetis. Nilai religius kang ana ing tradhisi ujub, yaiku nilai kaslametan lan kasampurnan. Nilai kaslametan dumadi karena anane nilai kaimanan lan nilai katakwaan. Nilai kasampurnan dumadi karena anane nilai kawaskitan. Nilai filosofis sajrone tradhisi ujub antarane, nilai kamapanan, nilai keselarasan, lan nilai bebarengan. Nilai kamapanan dumadi karena anane nilai pepesthen lan nilai katumatan. Nilai keselarsan dumadi karena anane nilai karukunan, nilai pakurmatan, lan nilai kaagungan. Nilai bebarengan dumadi karena anane nilai kaluwargan lan nilai katentreman. Banjur nilai etis kang kinandhut sajrone tradhisi ujub, yaiku nilai kawicaksanan lan nilai kawelasasihan. Nilai kawicaksanan dumadi karena anane nilai kamengerten lan nilai kaandhapasoran. Dene, nilai kawelasasihan dumadi karena anane nilai katresnan, nilai nguwongake, lan nilai ngayomi. Pungkasan, nilai estetis kang ana ing tradhisi ujub nggunakake tatanane tembung-tembung kasusastran Jawa, antarane yaiku tembung saroja, tembung camboran wutuh, tembung entar, dasanama, pepindhan, lan purwakanthi, yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi guru basa (lumaksita).

## PURWAKA

Indonesia minangka bangsa adiluhung kang nduweni maneka warna kabudayan. Kabudayan kang ana ing dhaerah-dhaerah bisa nyengkuyung kabudayan nasional. Kabudayan minangka warisan leluhur kang kudu dilestarekake kanthi nggunakake aturan-aturan tartamtu ing jagading bebrayan.

Geertz (sajrone Purwadi, 2005:61) ngandharake manawa bebrayan Jawa bisa diperang adhedhasar kapercayan kang diugemi yaiku golongan santri lan golongan abangan. Pawongan kang ngugemi lan nindakake agama Islam kanthi tumemen kagolong santri. Dene, golongan abangan iku sawenehing pawongan kang ngakoni Islam minangka agamane nanging ora nindakake syariate kanthi tumemen. Golongan santri nduweni panganggep manawa upacara sembahyang iku penting dilakoni, lan suwalike golongan abangan isih nindakake upacara-upacara slametan.

Sakabehe wong wiwit lair nganti mati ora bisa dipisahake karo tradhisi slametan. Yana (2012:47) ngandharake yen slametan ditindakake kanggo mujudake rasa syukur lan kanggo digunakake minangka tandha “tulak balak” tumrap kulawarga kang nganakake slametan. Ing kene panliti njupuk objek kang gegayutane karo slametan sing ditindakake sakabehe masyarakat Jawa yaiku slametan nalika wiwit lair tumekane pati (siklus urip) kang mligine ngenani ujube.

Ujub yaiku tujuwan utawa niat nindakake slametan (Utomo, 2007:478). Ujub iku awujud basa kang diucapake dening para tukang ngajatake slametan sawise saperangan asahan utawa sajen kang wis cumawis miturut niat kajate slametan. Kaya ing Desa Gedangan Kecamatan Karangrejo Kabupaten Tulungagung iki isih nglestarekake tradhisi slametan ing siklus panguripane manungsa kang ditindakake kanthi urut lan jangkep. Kang narik kawigatene panliti sajrone slametan yaiku ujub kang diucapake isih tumemen. Saliyane njlentrehake ngenani ujube, uga kajlentrehake ngenani wigatine nilai budaya sajrone ujub. Idealisme mligine nilai budaya Jawa miturut Saryono (2011:39) kaperang dadi papat, yaiku nilai idealistis religius Jawa, nilai idealistis filosofis Jawa, nilai idealistis etis Jawa, lan nilai idealistis estetis Jawa.

Ana ing panliten iki, panliti kepengin nliiti ujub slametan amarga sangertine panliti durung ana wong kang nliiti babagan iki. Saka andharan kasebut bisa didudut yen panliten iki ditujokake ing wujud ujub slametan wiwit slametan klairan nganti slametan kepaten, lan uga idealistis nilai budaya Jawa kang kinandhut sajrone ujub slametan. Mula saka iku, panliti njupuk irah-irahan “*Ujub Slametan sajrone Siklus Panguripan ing Desa Gedangan Kecamatan Karangrejo Kabupaten Tulungagung Tintingan Wujud lan Nilai Budaya Jawa*”.

Gegayutan karo andharan ing dhuwur underane panliten iki, yaiku: yaiku (1) kepriye wujud ujub sajrone slametan siklus panguripan, lan (2) kepriye idealisme nilai budaya Jawa sajrone ujub slametan ing siklus panguripan.

Adhedhasar underane panliten kasebut, panliti nduweni tujuwan (1) njlentrehake wujud ujub sajrone slametan siklus panguripan, lan (2) njlentrehake

idealisme nilai budaya Jawa sajrone ujub slametan ing siklus panguripan. Saka asile panliten iki, nduweni paedah, yaiku: (1) dikarepake bisa menehi kawruh lan gegambaran ngenani ujub slametan sajrone siklus panguripan ing desa Gedangan kecamatan Karangrejo kabupaten Tulungagung, (2) bisa kanggo nglestarekake tradhisi Jawa ngenani slametan sajrone siklus panguripan wiwit lair nganti tumekane pati, (3) uga panliten iki minangka dhokumentasi, (4) mligine tumrap masyarakat desa Gedangan ngenani tradhisi lan budaya Jawa kang isih diuri-uri, lan (5) dikarepake bisa menehi *motivasi* marang panliti liyane supaya nindakake panliten sabanjure.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Konsep Kabudayan

Tembung budaya yaiku asale saka tembung “budi” lan “daya”. Tembung “budi” lan “daya” nduweni teges kaya mangkene, tembung “budi” nduweni teges luwih saka siji: (1) akal ing sajrone batin (ditimbang-timbang ing batin), (2) *tabiat, watak*, lan *perangai* (berbudi bawa lekšana), (3) kabecikan (budi luhur), (4) daya upaya (mengulir budi), (5) kapinteran kanggo mecahake prakara (hambudi daya). Dene tembung “daya” nduweni teges (1) kakuwatann (dayaning batin), (2) pengaruh (pangaribawa), (3) akal/ cara ikhtiar (daya upaya), (4) muslihat, tipu (hambudi daya). Kaloro tembung kasebut nduweni teges kang padha. Sawise ngliwati proses dadi “budaya” kang nduweni teges anyar yaiku kakuwatan batin ing sajrone upaya tumuju kabecikan utawa kasadharan batin tumuju kabecikan (Herusatoto, 2005:5-6).

Koentjaraningrat (1987:5) uga merang wujud kabudayan dadi telu, yaiku (1) wujud kabudayan minangka saka panemu, pamikiran, nilai-nilai, norma-norma, aturan. (2) wujud kabudayan aktivitas lan tumindake manungsa ing bebrayan, lan (3) wujud kabudayan minangka asil karyane manungsa. Wujud kabudayan kapisan yaiku wujud ideal kang sipate abstrak menehi pathokan tumrap tumindak ing sajrone bebrayan. Wujud kabudayan kapindho yaiku sistem sosial yaiku tumindak wong ing pasrawungan saben dina. Wujud kabudayan katelu kabudayan fisik yaiku kabudayan awujud piranti-piranti kang bisa dirasakake lan dideleng karo pancadriya.

### Konsep Nilai Budaya

Wujud nilai budaya dadi sawijining bab kang abstrak sajrone adat-istiadat. Kabeh bab iku amarga nilai budaya wis dadi konsep kang dianggep nduweni nilai kang wigati sajroning masyarakat. Senajan nilai budaya mau wis didadekake pedhoman sajrone masyarakat, nanging nilai budaya iku mau uga nduweni sipat kang umum. Mula, angel dingerteni kanthi *rasional* (Koentjaraningrat, 1984:153).

Pamawas liyane bab nilai budaya, yaiku dening Saryono (2011:39) ngandharake karakteristik idealistis nilai budaya Jawa kaperang dadi 4, yaiku (1) karakteristik idealistis nilai religius Jawa, yaiku nilai kang gegayutan karo sangkan paran dumadi kang ateges Gusti Allah dadi *asal-muasal* punjere arah lan tujuwan uripe manungsa Jawa; (2) karakteristik idealistis nilai filosofis Jawa,

yaiku rasa sejati kang dipercaya dening manungsa Jawa, amarga filsafat Jawa luwih onja minangka pedhoman urip tinimbang nalar manungsa; (3) karakteristik idealistis nilai etis Jawa, yaiku nilai kang ana gegayutane karo *etiket* lan *moralitas* minangka samubarang kang nyata ditindakake masyarakat Jawa; lan (4) karakteristik idealistis nilai estetis Jawa, yaiku kaikete rasa manungsa Jawa tumrap kaendahan. Sanajan diperang dadi papat, nanging nilai kasebut ora bisa dipisahake antara siji lan liyane. Kabeh nilai budaya miturut pamawase para ahli bisa didadekake lelandhesan kanggo mangerteni nilai budaya kang kinandhut sajrone tradhisi masyarakat.

### **Konsep Religi Jawa**

Nilai religius Jawa gegayutan karo sangkan paran sajrone konsep sangkan paraning hurip, sangkan paraning dumadi, mulih menyang ana ngarsaning Pangeran (Gusti), sangkan paraning manungsa, dumadining manungsa, Gusti kang murbeng dumadi, Gusti kang akarya jagad, Gusti kang akarya agesang, warangka manjing curiga, aja lali marang asale, mulih mula mulanira, urip iku saka Pangeran, bali marang Pangeran, Gusti Allah mboten sare, nggih kersaning Allah, ndilahi kersaning Allah, kawruh (ngelmu wikan), lan pangawikan sangkan paran kang wigati banget tumrang wong Jawa (Saryono, 2011:42)

Miturut Geertz (1981:8) Sistem religi masyarakat Jawa dibedakake dadi telu, yaiku (1) abangan minangka sesulihe aspek animistis, (2) santri minangka sesulihe aspek Islam, lan (3) priyayi minangka sesulihe aspek Hindu. Saka maneka werna sistem kapercayan kasebut, mula ing masyarakat Jawa tuwuh istilah agami Jawi utawa kejawen utawa *Javanisme*. Nganti saiki istilah kejawen isih diakoni kanggo nyebut sistem kapercayan masyarakat Jawa.

### **Konsep Filosofi**

Filsafat miturut wong Jawa yaiku pangarepe-repe manungsa saperlu antuk teges lan kawruh ngenani sejatine urip kanthi nggunakake daya, cipta, lan rasa. Mula kanggone manungsa, filsafat ora mung tresna, nanging uga ngudi kasampurnan lan ngudi kawicaksanan. Ngudi kasampurnan iki uga ana sajrone budaya Jawa. Masyarakat Jawa nduweni panemu ngenani filsafat, ngandhut pasemon lan mistis. Ing urip bebrayan masyarakat Jawa nganggep anane nilai filosofi sajrone budaya.

Saryono (2011:72) ngandharake yen filsafat Jawa minangka filsafat timur kang nyuguhake tujuwan urip manungsa, yaiku dalan supaya manungsa slamet lan tumuju ing manungsa kang sampurna, nanging ora ngrembug prakara-prakara teknologis sajrone masyarakat modern. Kanthi tembung liya, yen filsafat Jawa iku nyuguhake pedhoman urip, lan bisa menehi wangsulan saka prakara-prakara ing masyarakat.

### **Konsep Etika**

Suseno (2001:6) etika yaiku sakabehane norma lan pambiji sing digunakake masyarakat sing gegayutan kanggo mangerteni kepriye manungsa anggone nglakoni urip bebrayan. Dadi ing kene manungsa bisa nemokake wangsulan saka pitakonan, kepriye dheweke nggawa awake, salah bawa, lan tumindak supaya bisa dadi

manungsa sing luwih apik miturut ukuran-ukuran tartamtu.

Miturut Saryono (2011:101), konsep etika ing budaya Jawa bisa dipahami kanthi etiket lan moralitas, ateges nilai etika iku minangka ilmu kang kritis saengga nilai kasebut bisa dadi nilai kang nyata. Mula saka iku, nilai etis Jawa kudu dipahami lan dimangerteni jalaran sesambungan karo etiket lan moralitas. Wong Jawa bisa diarani wis njawa ateges wis ngerti lan nguwasani etiket lan moralitas Jawa. Kang diarani ora njawa utawa durung njawa yaiku wong kang ora utawa durung ngerti lan nguwasani sarta nggunakake etiket lan moralitas Jawa. Mula, konsep etika bisa menehi nilai kang becik ngenani tumindake manungsa sajrone tradhisi ujub slametan ing desa Gedangan mligine.

### **Konsep Estetika**

Saryono (2011:121) njlentrehake sesambungan antarane estetika lan aspek-aspek kabudayan sing cetha lan paling akeh dirembug ing karya seni. Hakikat karya seni yaiku kaendahan, kanthi tembung liya ora ana karya seni sing ora ngandhut unsur kaendahan. Nilai estetis ing kene ana gegayutan karè rasa lan emosi manungsa marang kang endah. Bisa ditegesi yen nilai estetis Jawa yaiku nilai kang gegayutan karo kaendahan sajrone panemune manungsa Jawa miturut rasa pangrasa.

Gegayutan karo estetikane basane ujub ing panliten, uga nggunakake panemune Padmosoekotjo (1953:24) kang nyakup ing kasusantra Jawa, mesti wae nyakup unen-unen kang kadadean saka tatanane tembung-tembung Jawa yaiku (1) tembung saroja yaiku saka tembung saroja kang ateges rangkep; (2) tembung antar yaiku tembung silihan. Tembung kang ora kena ditegesi mung sawantahe wae. Teges basa Indonesiane yaiku arti kiasan; (3) dasanama tegese jeneng nganti sepuluh, darbeke wong siji utawa wong siji darbe jeneng sepuluh. Tumrap kawruh kasusastran, tembung dasanama ora mung tumrap ing jeneng wae, uga tumrap tembung-tembung akeh (cacahé nganti sepuluh temenan, malah ana sing nganti luwih) kang padha tegese utawa meh padha tegese; (4) pepindhan yaiku unen-unen kang ngemu surasa pepindhan, irib-iriban, emper-emperan. Dapuking ukara pepindhan nganggo tembung kaya, pindha, kadya, kadi, lir; lan (5) purwakanthi kang kaperang dadi telu, yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi guru basa (lumaksita).

### **Konsep Adat lan Tradhisi**

Adat minangka wujud ideal saka sawijine kabudayan kang ngatur tata tumindake manungsa (Koentjaraningrat, 1987:7). Adat minangka perangan saka tradhisi, awujud tata tumindake manungsa sajrone urip bebrayan. Poerwadarminto (1984:108) ngandharake yen tradhisi minangka sakabehing adat, kapercayan lan liya-liyane kang diwarisake para leluhur. Miturut Rendra (1984:4) tradhisi yaiku pakulinan kang diwarisake kanthi cara turun-tumurun ing bebrayan. Tradhisi mujudake kesadharan kolektif ing masyarakat kang asipat jembar kang nyakup sakabehing kompleks panguripan, saengga ora gampang disingkirake ing bebrayan.

Tradhisi digunakake minangka piranti ing panguripan kanggo nglayani manungsa lan kanggo

mbiyantu nglancaraké pranatan panguripane manungsa ing bebrayan. Tradhisi digayutake karo adatistiadat, amarga adat minangka tumindak kang lumrah dilakoni wiwit jaman biyen (Poerwadarminto, 1976:15). Adat lan tradhisi minangka warisan leluhur kang diwarisake kanthi turun-tumurun, lan nduweni paedah lan piguna kanggo pranata laku lan tumindake manungsa ing masyarakat.

### **Konsep Simbol lan Makna**

Simbol kang ana sajrone tradhisi Jawa nduweni aturan kang nggambarake aturan kang becik saengga bisa kanggo sarana piranti objek panliten. Babagan iki mbuktèkake yen apa sing kepengin diwedharake sajroning upacara adat ora bisa diucapake kanthi langsung, nanging nggunakake simbol-simbol tartamtu.

Simbol nduweni piguna kang wigati banget sajrone panliten kabudayan, amarga kabudayan kuwi kaperang saka kode-kode simbolis. Simbol iku nduweni gegayutan karo makna-makna sajroning slametan sajrone siklus panguripan, kang mligine makna kang kinandhut saka ubarampe sajen.

Teeuw (1984:123) ngandharake hermeneutik yaiku ilmu utawa cara kanggo mangerteni karya sastra lan ungkapan basa ing teges kang rowa miturut maksude. Hermeneutik iku ilmu kanggo napsirake karya sastra kanthi cara mangerteni sakabehe unsur-unsure lan mangerteni unsur-unsur sing didhasarake saka sakabehane. Hermeneutik iku bisa ditrapake kanggo nafsirake simbol-simbol nilai budaya. Simbol-simbol nilai budaya kudu ditafsirake gegayutan karo konteks panguripan ing masyarakat panyengkuyunge.

### **Lelandhesan Teori**

Panliten kang nintingi idealisme nilai budaya Jawa, uga nggunakake lelandhesan teori. Panliten iki kalebu panliten budaya kang nggunakake konsepe Saryono (2011:39) kang njlentrehake yen karakteristik idealistis nilai budaya Jawa kaperang dadi papat, yaiku idealistis nilai religius Jawa, idealistis nilai filosofis Jawa, idealistis nilai etis Jawa, lan idealistis nilai estetis Jawa.

Nilai religius Jawa nggunakake panemune Saryono (2011:71) kang ana sajrone ujub slametan dipunjerake ing nilai kaslametan lan kasampurnan. Nilai filosofis sajrone ujub slametan nggunakake konsepe Saryono (2011:100) kang merang nilai filosofis ing ujub yaiku nilai kemapunan, kasalarasan, lan bebarengan. Dene nilai etis sajrone ujub slametan kang uga nggunakake panemune Saryono (2011:120) kang ngandharake nilai welas asih marang sapepadha. Lan pungkasan nilai estetis sajrone ujub slametan nggunakake panemune Padmosoekotjo (1953) yaiku tatanane tembung-tembung ing kasusastran Jawa babagan nilai kaendahan kang ana sajrone basa ujub.

## **METODHE PANLITEN**

### **Ancangan Panliten**

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif. Metodhe dheskriptif kualitatif yaiku metodhe kanthi cara nyathet kanthi njlimet lan tiliti sakabehane kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca sarana wawancara, video, tape, dhokumen, lan sapanunggalane (Sudikan, 2001:85).

Moleong (2009:4) ngandharake kang jarwane panliten kualitatif yaiku prosedhur panliten kang ngasilake data dheskriptif sing arupa omongan lisan saka wong-wong lan tindak tanduk sing bisa dideleng. Sabanjure Moleong (2009:11) uga ngandharake yen metodhe dheskriptif yaiku cara ngumpulake data kang arupa tembung-tembung, gambaran lan dudu angka-angka, mula lapuran panliten dadi kutipan-kutipan data kanggo menahi gambaran lapuran sing mesthi.

### **Objek lan Papan Panliten**

Objek panliten ing kene yaiku nintingi ngenani idealisme nilai budaya Jawa sajrone ujub slametan ing siklus panguripan. Panliten ditindakake ing Desa Gedangan Kecamatan Karangrejo Kabupaten Tulungagung. Masyarakat Jawa mligine masyarakat desa Gedangan ora bisa uwal saka tradhisi slametan yaiku nylameti manungsa wiwit saka lair, pernikahan nganti mati. Objek panliten dimligekake ngenani ujube slametan.

### **Sumber Data lan Data Panliten**

#### Sumber Data

Sumber data yaiku sumber kang bisa menahi informasi utawa kawruh marang panliti. Sumber data ing panliten iki yaiku para informan. Informan kang dikarepake ing kene kaperang dadi loro, yaiku informan pokok lan informan tambahan.

#### Data Panliten

Data lisane yaiku arupa tetembungan utawa katrangan saka informan. Ing panliten iki wujud katrangan ngenani ujube slametan klairan nganti slametan kepaten lan ngenani idealisme nilai budaya sajrone tradhisi ujub slametan. Saliyane iku, uga ana data kang awujud dhokumentasi foto saperangan ambeng, etnografi, rekaman ujub, lan rekaman wawancara.

### **Instrumen Panliten**

Panliti yaiku pawongan kang ngenekake panliten iki. Panliti minangka dhalang sajrone panliten kang ditindakake, (Moleong, 2005:163). Ciri umum panliti ana pitu, yaiku: (1) *responsif*, (2) bisa *adaptasi*, (3) njaga utuhe informasi, (4) njembarake kawruh, (5) ngolah data sacepete, (6) migunakake kalodhangan kanggo *klarifikasi* lan *mengiktidsarkan*, lan (7) migunakake kalodhangan kanggo nggoleki samubarang kang ora umum (Moleong, 2005:163).

Panliten iki kalebu panliten lapangan. Akeh bab kanggo nyengkuyung bab kasebut. Sawijine yaiku piranti panyengkuyung panliten. Piranti panyengkuyung panliten digunakake supaya bisa nambah cethane data tumrap panliten. Wujud saka piranti panyengkuyung panliten iki, yaiku: (1) kamera digital kanggo njupuk gambar babagan kahanan kang ana gayutane karo objek panliten, (2) handphone kanggo ngrekam nalika nindakake wawancara, (3) buku cathetan lan pulpen kang digunakake kanggo nyathet bab kang wigati nalika nindakake panliten, lan (4) daftar pitakonan kanggo para informan.

### **Teknik Pangumpulan Data**

Metode lan teknik pangumpulane data yaiku metode utawa tata cara kanggo nglumpukake data kang digunakake nalika panliten kayata: Observasi

Observasi yaiku ndeleng lan nyathet kanthi cara sistematis saka gejala-gejala kang ditliti. Ana rong indra kanggo nindakake panliten, yaiku mata lan kuping (Usman lan Akbar, 2003:52-54).

**Wawancara**

Wawancara minangka cara nglumpukake katrangan utawa informasi ngenani panguripane manungsa sajrone masyarakat (Sudikan, 2001:90). Tatacara nglumpukake katrangan iku ditindakake kanthi menehi pitakonan marang wong kang didadekake *informan* utawa *responden* kanthi langsung.

Miturut Sudikan (2001:90) merang wawancara dadi rong bageyan miturut wujud pitakonane yaiku: (1) wawancara tinutup, yen wangsulane informan diwatesi panliti, lan (2) wawancara tinarbuka, yen wangsulane informan ora diwatesi panliti. Panliten iki nggunakake wawancara tinarbuka supaya informan bisa menehi wangsulan lan jlentrehan tanpa wewatesan mula bisa ngasilake data sakakeh-akehe.

**Dhokumentasi**

Miturut Arikunto (2006:202) dokumentasi yaiku kanggo ngupadi data ngenani bab-bab utawa *variabel* kang arupa cathetan, transkrip, buku, layang pawarta, majalah, prasasti, notulen rapat, legger, agenda, lan liya-liyane.

Panliten iki mbutuhake data kang antuk saka dokumentasi desa kang arupa data monografi. Data iki perlu kanggo nggoleki kahanan alam lan data pendhudhuk. Dokumen liyane kanggo antuk data-data kang dibutuhake yaiku saka data profil lan arsip-arsip kanthi cara nyathet data kang ana ing kantor desa. Babagan kang kurang dimangerteni ditakokake ing pamong desa. Dokumentasi ora mung digoleki ing kantor desa, nanging uga bisa digoleki saka kantor kecamatan. Kabeh data-data kasebut dicathet kanggo bukti lan supaya ora lali.

**Rekam**

Konteks asli ateges rekaman iku ditindakake kanthi asli ora ana bab-bab kang digawe-gawe, dene konteks ora asli yaiku rekaman kang ditindakake kanthi sengaja supaya oleh dhata (Hutomo, 1991:77).

Miturut andharan kasebut, kang kalebu sajroning konteks asli yaiku ujub kang diucapake dening tukang ujub, dene konteks ora asli yaiku wawancara antarane panliti lan tukang ujub kang pitakonane wis direng-reng dening panliti sadurunge nindakake kagiyatan wawancara.

**Transkripsi**

Sudikan (1991:180) menehi informasi nalika nranskripsi teks lisan yaiku: (1) transkripsi kasar, tegese kabeh swara kang direkam, banjur ditulis tanpa nganggo tandha waca. Ing kene panliti kudu jujur, ora bisa nambahi utawa ngurangi asile rekaman, (2) sawise transkripsi kasar banjur dibenerake, asil kang bener dicocogake karo asile rekaman, (3) panliti mbenerake karo asil kang wis disempurnakake, diwenehi tandha waca lan tandha liyane kang diprelokake, (4) ing tahap iki kudu dibolan baleni, (4) asil mau diketik, teks kang wis klebu ing tataran iki biyasane diarani teks lisan banjur teks kasebut digunakake kanggo bahan analisis.

Panliti iki nggunakake teori miturut Sudikan (1991:180) yaiku nranskripsi mawa kasar, banjur dibenerake diwenehi tandha waca lan kang pungkasan diketik.

**Tatacara Ngalalisis Data**

Analisis data yaiku proses ngurutake data ing *pola*, *kategori* lan urutan. Saka iku bisa ditemokake tema lan bisa dirumusake *hipotesis* saka data panliten (Moleong, 2005:248). Tatacara nganalisis data kang wis makumpul nggunakake *metode deskriptif*. Analisis *deskriptif* yaiku analisis kang ngandharake data saka lapangan yaiku asile wawancara. Panliten *kualitatif* mujudake panliten lapangan kang dilakoni wiwit golek data nganti purnane panliten kasebut.

Tatacara nganalisis data lumakune panliten iki, yaiku: 1) data asil saka wawancara dicathet kabeh, 2) data kang wis nglumpuk diperang miturut masalah kang dianalisis, lan 3) menehi dudutan adhedhasar analisis saka sakabehe data kang ana.

**ANDHARAN ASILE PANLITEN**

**Data Etnografi**

Gegambaran Lingkungan Panliten

Tulungagung yen dideleng miturut astronomis ana ing  $1110^{\circ} 43' - 1120^{\circ} 07' BT$  lan  $70^{\circ} 51' - 080^{\circ} 18' LS$  kanthi wewatesan wilayah ing antarane: sisih lor wewatesan karo kabupaten Kediri, sisih kidul wewatesan karo Samudera Hindia/ Pantai Selatan, sisih wetan wewatesan karo kabupaten Blitar, lan sisih kulon wewatesan karo kabupaten Trenggalek. Kanthi *topografik*, kabupaten Tulungagung ana ing sisih barat daya utawawatara 154 kilometer saka ibukota Propinsi Jawa Timur yaiku Surabaya. Jembare tlatah Kabupaten Tulungagung yaiku watara 1.150,41 km<sup>2</sup> kanthi rata-rata dhuwure 85 meter saka lemahe segara.

Kabupaten Tulungagung dumadi saka 19 kecamatan, salah sijine yaiku kecamatan Karangrejo. Kecamatan Karangrejo dumadi saka 12 desa, yaiku desa Gedangan, Tanjungsari, Sukorejo, Sukodono, Sukowidodo, Sukowiyono, Bungur, Jeli, Karangrejo, Babadan, Punjul, lan Tulungrejo. Saka 12 desa mau, dimligekake ana ing desa Gedangan kang dadi papan panliten. Lingkungan panliten yaiku papan panggonan lumakune panliten *ujub slametan sajroning siklus panguripan*. Ing desa Gedangan masyarakate isih nglestarekake kapercayan leluhur lan isih kenthel anggone nindakake tradhisi slametan. Pendhudhuk desa Gedangan isih tumemen anggone nindakake slametan tartamtu mligine sing ana gegayutane karo siklus panguripan.

Pendhudhuk

Jumlah pendhuduk ing desa Gedangan kecamatan Karangrejo kabupaten Tulungagung cacahé ana 2.715 jiwa. Jumlah pendhudhuk bisa dirinci miturut umur lan jinis kelamine.

Pangupajiwa

Jumlah pendhudhuk sing cacahé ana 2.715 jiwa, digolongake telung klompok, yaiku diarani umur produktif, durung produktif, lan ora produktif. Umur produktif yaiku umur 18-56 taun sing wis nyambut gawe, durung produktif yaiku umur 0-6 taun lan 7-18 taun sing

isih sekolah, sarta wis bisa dipesthekake yen umur semono durung bisa nyambut gawe. Umur ora produktif yaiku wis ora nyambut gawe lan ora bisa nyambut gawe amarga wis tuwa, diklompokake umur 56 taun mendhuwur.

#### Pendhidhikan

Pendhidhikane pendhudhuk Desa Gedangan kagolong biasa, kabukti yen rata-rata pendhudhuke tamat SMP. Sanajan wis ana wangunan fasilitas gedhung sekolahan SMA, nanging pendhudhuke isih akeh sing tamatan SMP, SMA mung saperangan, lan tamatan S1 mung pirang wong bisa diitung. Iki bisa kadheleng saka ekonomi pendhudhuk saperangan gedhe dadi buruh tani.

#### Agama

Pendhudhuk Desa Gedangan nganut agama Islam 100%. Mula kanggo nyengkuyung kagiyatan keagamaan sajroning ngibadah ana ing dhusun-dhusun dibangun masjid, mushola, lan TPA ing saben dhusun. Kagiyatan agama kang dianakake uga akeh banget, kaya dene yasinan, slametan, tahlilan, tadarus, pengajian-pengajian umum ing masjid-masjid, lan uga kagiyatan latian kencrengan tumrap para nom-noman ing saben langgar.

Pendhudhuk desa Gedangan isih ngugemi apa sing dadi parintahe Gusti, nanging pendhudhuk Desa Gedangan uga ora ninggalake warisan-warisan tradhisi leluhur. Warisan-warisan iku arupa tradhisi slametan lan ujub kang isih tumemen wiwit mbiyen nganti saiki. Tradhisi ujub dianakake gegayutan karo slametan-slametan, saka slametan klairan nganti tumekane slametan wong ninggal. Kabeh iku ditindakake nduweni tujuan supaya kabeh sing nindakake diparingi slamet adoh saka bilahi.

#### **Sesambungane Etnografi karo Objek Panliten iki**

Desa Gedangan minangka salah sijine dhaerah kang isih nglestarekake budaya Jawa. Dideleng saka geografis Desa Gedangan kang papane isih kagolong pegunungan lan isih ana ing tlatah kang dununge adoh saka kutha Tulungagung. Babagan iki ndadekake pamikiran lan tindakan isih tradhisional. Adhedhasar tingkat pendhidhikan desa Gedangan yen dideleng saka katrangan data kang dioleh, isih kalebu endhek amarga mayoritas pendhudhuke akeh kang lulusan SMP.

Babagan liya kang nyengkuyung anane tradhisi slametan kang isih diugemi yaiku masyarakat ing Desa Gedangan mayoritas agama Islam, nanging akeh kang Islam kejawen. Sesambungane pangupajiwa karo anane tradhisi iki, yaiku masyarakat rata-rata akeh dadi petani, asile tetanen mau dilumpukake digawe kanggo nindakake slametan-slametan.

#### **Wujud Ujub sajrone Slametan Siklus Panguripan**

Miturut Utomo (2007:478) ujub yaiku tujuwan utawa niat nindakake slametan. Saben upacara slametan apa wae mesthi nggunakake sawijining ujub kanggo ngajatake niat kajati slametan. Mula saka kuwi saben nindakake slametan, ujub iku minangka prasarat kang wigati. Slametan ing sajrone siklus panguripan kaperang dadi telu, yaiku slametan lairan, pernikahan, lan wong mati. Sajrone slametan-slametan siklus panguripan uga mbutuhake ujub kanggo ngajatake sawijining slametan.

#### **Slametan Klairan**

##### Slametan Baritan

- (1) Jenang Sepuh (jenang abang putih)  
Niyate mule dina pitu pasaran lima, sing nyipta sang ibu bumi bapa kuwasa, bumi kerta banyu tawa, leluhur sing cikal bakal sabet sapone, kabeh dimemule jenang sepuh panyuwune muga-muga Gusti Allah ngijabahi kabeh kinabulan panyuwunipun. Amin.
- (2) Sekul Suci Ulam Sari (caos dhahar)  
Niyate ngaweruhi Bapa Adam ibu Hawa, sing cikal bakal sabet sapone junjungan kita Nabi Muhammad sekabat sekawan Abu Bakar, Umar, Usman, Sayyidina Ali. Para leluhur kabeh sedaya disedakohi panyuwune anggone nampi kodrate pangeran jangkep pitung wulan. Yen teka lek'e jabang bayi bisa gangsar slamet wilujeng. Amin.
- (3) Pudhak Riph-Kembang Setaman  
Niyate nyambung tuwuh, tuwuhe wiji saking Gusti Allah, tumurun dhateng Bapa Adam Ibu Hawa turun dhateng kaki nini turun bapa biyung turun dhateng ingkang anggarbina. Yen wis teka lek'e jabang bayi bisa gangsar mayar. Slamet wilujeng. Amin.
- (4) Buceng Kuwat  
Niyate metri kaki semara bumi nini semara bumi, kaki kuwat nini kuwat, kaki jangkung nini jangkung, ingkang jangkung kawilujengane sing nampi kodrating pangeran, yen sampun dugi lek'e jabang bayi sageda gangsar mayar slamet wilujeng Gusti Allah ngijabahi kabula panyuwunipun. Amin.
- (5) Jenang Abang Juruh Abang-Jenang Putih Juruh Putih  
Metri turutan saking Bapa biyung anggenipun nampi pasihing pangeran jangkep pitung wulan yen dumugi lek'e jabang bayi sageda gangsar mayar slamet wilujeng Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (6) Jenang Baro-Baro  
Metri sadulure sing tuwa dhewe jaya baruna sing mertapa ana banyu anggone nampa pasihing pangeran, yen teka lek'e jabang bayi bisa gangsar mayar Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (7) Jenang Rena Lima  
Niyate metri sedulure papat, lima pancer. Ganda, rasa, paningal, pangucap, pangrunu yen teka lek'e jabang bayi gangsar mayar slamet wilujeng Gusti Allah paringa kabul. Amin.
- (8) Buceng Pitu  
Niyate metri sedulure nunggal pertapan sing adoh tanpa winangenan cedhak tanpa senggolan anggone nampa pasihing pangeran jangkep pitung wulan, yen teka lek'e jabang bayi gangsar mayar slamet wilujeng Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (9) Golong Pitu  
Metri sedulure manunggale cipta rasa budi lan karsa. Wiwite tumurune kodrat dumadi si jabang bayi yen wis teka lek'e jabang bayi gangsar mayar slamet wilujeng Gusti Allah paringa kabul. Amin.
- (10) Jajan Colomeni  
Metri midodareni ngembang pari rusak taman. Tamane kakung lan putri. Wiwite wiradat tumurune kodrat yen wis teka lek'e si jabang bayi gangsar

- mayar slamet wilujeng Gusti Allah paringa kabul. Amin.
- (11) Kopat Luwar (lepet)  
Metri yen ana kajat niat paringa luwar, yen kagungan lepat paringa ngapura teka lek'e jabang bayi gangsar mayar slamet Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (12) Rujak  
Niyate metri jabang bayi yen wijil kakung nggantheng yen wijil putri ayu, juweh receh tata jalma ayem tentrem. Gusti Allah paringa kabul. Amin.
- (13) Jenang Procot  
Metri jabang bayi yen teka lek'e gangsar mayar slamet wilujeng. Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (14) Gimbal Grising  
Niyate brastha utawa nyingkirne naga dina kala dina, naga taun kala taun, was sangar, tali wangke, kala wangke, rijalolah jabung wuku kuburi pasung darun, bisa sampurna pungkasan anggane nampa pasihing pangeran, yen teka lek'e jabang bayi slamet wilujeng Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (15) Mule Metri  
Niyate mule metri wiwitan etan pungkasan kilen kutu-kutu walang togo sing ngrasuk agama Islam. Seh Subakir sing numbali tanah Jawa, malaikat Khasim sing nata sandhang tedha. Baginda Ilyas Baginda Kidir, Mbok Sri Unon sing ngatur iline toya, Empu Gendhing, Empu Gembleb, Empu Domas, Empu Kromoyadi, juru tani, dukut banyu, bendung segara, nabi, wali, mukmin, para usada sing nyebarake agama Islam kabeh dimemule lan dipetri nyuwun kabul panyuwune, Gusti Allah ngijabahi. Amin.
- (16) Jenang Sengkala  
Niyate nyengkalani dina pitu pasaran lima rina wengi balung tinumpuk, getih cinilung, glondhong pengareng-ngareng kadya dikebat barat angin kari slamet wilujeng, Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (17) Donga  
Ing ndhuwur ujub slametan baritan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Dene ing ngisor iki ujub slametan baritan kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar. Kaya mangkene.
- 1) Sekul suci ulam sari (caos dhahar)  
Ngawruhi panutan kita Nabi Muhammad SAW lan ngirim leluhuripun si (sing ditengkebi) sageda diparingi slamet anggenipun ngandhut pasihane Pangeran nggih menika si jabang bayi sak wanci-wanci lair diparingana slamet wilujeng.
  - 2) Metri mule (golong lawuhe trancam, sega limang piring lawuhe srongeng)  
Ngawruhi dinten kalih rintem kalawan dalu, pekenan gangsal, dinten pitu, taun wolu, windu papat, sasi rolas, uku telungpuluh, pramila dipunkawruhi sageda sing ngandhut pasihane Pangeran diparingi slamet ingkang nglairaken utawi ingkang dipunlairaken diparingi slamet wilujeng.
  - 3) Nyambung tuwuh (lawuhe geneman ayam, gedhang setangkep, kembang setaman, gula gimbal gula grising, apem didang, jajan pasar)  
Nyambung tuwuh sing ngandhut pasihane Pangeran mugu Gusti Allah paring slamet wekdal nglairaken ugi ingkang dipunlairaken. Nyuwun tambahe wilujeng sederek sedaya.
  - 4) Buceng meteng (sega buceng njerone endog mateng)  
Mugi Gusti Allah paring slamet wilujeng ingkang dipunkandhut nggih menika si jabang bayi.
  - 5) Buceng Byar (sega kekelan) kupat karo lepet  
Sak wanci-wanci nglairaken si jabang bayi sageda lancar mboten wonten alangan menapa-napa wilujeng slamet.
  - 6) Buceng pitu  
Nylameti sing ngandhut pitung sasi kuwat slamet wilujeng, sak wanci-wanci nglairaken diparingi slamet wilujeng.
  - 7) Keleman  
Ngawruhi dhateng Kyai Ontobogo ingkang njagi bumi. Mugi ingkang ngandhut pasihane Pangeran lan sing dipunkandhut wilujeng slamet.
  - 8) Buceng kuwat  
Pramila dipunpetri buceng kuwat ingkang ngandhut pasihane Pangeran saged kiyat slamet wilujeng.
  - 9) Jenang abang, jenang putih, jenang sengkala  
Ngawruhi turutane saka bapa biyung lan nulak sedayane kala ing badhe dumugi kantuna rahayu wilujeng ingkang ngandhut ugi ingkang dipunlairaken.
  - 10) Jenang procot (jenang diwadhahi takir)  
Ngawruhi kaki sumpel nini sumpel, mugu sak wanci-wanci nglairaken jabang bayi sageda dipunparingi slamet lancar lan wilujeng.
  - 11) Wedang kopi paitan patang cangkir lan rokok  
Ngawruhi kaki senggeyeng nini senggeyeng, menawi sak wanci-wanci si jabang bayi lair sageda slamet wilujeng.
  - 12) Rujak  
Ngawruhi kaki godrag nini godrag, sak wanci-wanci lair mugu-mugu pinaringan lancar slamet wilujeng.
- Slametan Babaran/ Slametan Brokohan**
- (1) Jenang Sepuh (jenang pethak abrit)
  - (2) Sekul Suci Ulam Sari
  - (3) Sekul Brok
  - (4) Cambah Pelas Sambel Gamongan, iwel-iwel cabuk katul
  - (5) Jenang Sengkala
  - (6) Donga  
Ujub slametan babaran utawa slametan brokohan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.
  - (1) Sega brok (lawuhe kulupan)

- (2) Jenang abang jenang putih jenang sengkala

**Slametan Sepasaran**

- (1) Jenang Sepuh (jenang pethak abrit)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Iwel-Iwel, Cambah pelas, Sambel gamongan, Cabuk katul
- (4) Jenang Sengkala
- (5) Donga

Ujub slametan sepasaran kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Sega brok
- (2) Cabuk katul cambah pelas sambel gamongan iwel-iwel
- (3) Tebu alu-alu  
Ngawruhi perdewane bayi ingkang wonten ros-rosan. Milujengani biyung lan bayine sageda rahayu wilujeng.
- (4) Bulusangrem  
Ngawruhi perdewane jabang bayi ingkang wonten weteng biyung lan jabang bayi pinaringan slamet rahayu.
- (5) Asahan ing lemper (isine sega, lawuhe jeroan, lan iwel-iwel)  
Ngawruhi kaki among nini among, sing ngamong-amongi si jabang bayi sageda slamet wilujeng.

**Slametan Mitoni**

- (1) Jenang Sepuh (pethak abrit)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Pudhak Paripih Kembang Setaman
- (4) Buceng Kuwat
- (5) Jenang Abrit Juruh Abrit Jenang Pethak Juruh Pethak.
- (6) Sekul Brok
- (7) Buceng Pitu
- (8) Buceng Robyong/ buceng disunduki kembang mubeng
- (9) Jenang Rena Lima
- (10) Jajan Colomeni (sakrenane jajan)
- (11) Gimal Grising
- (12) Mule Metri
- (13) Jenang Sengkala
- (14) Donga

Ujub slametan mitoni kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Nyambung tuwuh
- (3) Metri mule
- (4) Buceng pitu
- (5) Kupat lepet  
Metri jabang bayi mugi tansah karahayon wilujeng salamina.
- (6) Jenang abang, jenang putih, jenang sengkala
- (7) Buceng kuwat
- (8) Buceng robyong
- (9) Jenang blowok

Ngawruhi netepi pitung wulanipun jabang bayi, mugi kuwat slamet wilujeng.

**Slametan Khitanan/ Sunatan**

- (1) Jenang sepuh (jenang abang putih)
- (2) Caos Dahar (sekul suci ulam sari)
- (3) Nyambung Tuwuh (tedhak paripih-kembang setaman)
- (4) Buceng Kuwat
- (5) Sekul Brok
- (6) Jenang Baro-baro/ sing digawe jenang katul
- (7) Jenang Abang Juruh Abang-Jenang Putih Juruh Putih
- (8) Jenang Rena Lima (abang, putih, kuning, ireng, lan ijo)
- (9) Golong (sega golong)
- (10) Gula Gimal Gula Grising
- (11) Jajan Colomeni (sak warnane jajan)
- (12) Keleman Metri
- (13) Mule Metri
- (14) Jenang Sengkala
- (15) Donga

Ujub slametan khitanan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Nyambung tuwuh
- (3) Metri mule
- (4) Jenang abang, jenang putih, jenang sengkala

**Slametan Mantu**

**Slametan Manggulan Manten**

- (1) Jenang Sepuh (jenang abang-putih)  
Memule dhateng panutanipun temantene, dina pitu pasaran lima ugi ingkang nyiptakaken sang ibu bumi bapa kuwasa bumi kerta banyu tawa. Leluhur sing babat sepisan ing sabet sapone, Bapa Adam ibu Hawa ingkang kajumenengaken Nabi kang sepisan sedaya dipun memule jenang sepuh, panyuwune mugi-mugi ingkang Maha Kuwaos paring kawilujengan katentreman dhateng Lastri anggenipun nampi wahyune jodho ing dinten Selasa Kliwon Inggang Maha Kuwaos maringana kawilujengan katentreman, dadia kaya dene kaken-kaken ninen-ninen salaminipun. Para rawuh paring donga restu Gusti Allah ngijabahi sedaya sageda kabul panyuwunipun. Amin.
- (2) Sekul Suci Ulam Sari (Caos Dhahar)  
Sega gurih (kuning) ditumpangi lodho, saaturan taksih mbantu kajati malih sekul suci ulam sari nyatakaken bekti dhateng Bapa Adam ibu Hawa kang jumeneng nabi kang sepisan. Junjungan kita kanjeng Nabi Muhammad S.A.W lan para sokabatipun Abu Bakar, Umar, Usman, Sayyidina Ali, leluhur sing babat sepisan ing desa Gedangan dinten selasa kliwon ingkang kangge nampi wahyune jodho ugi para leluhuripun sedaya dipun bekteni dipun nyatani sekul suci ulam sari, mugi-mugi Gusti Allah amberkahi dhateng Lastri anggenipun nampi wahyune jodho manggen wonten dinten (selasa kliwon) sageda wilujeng ayem



- tentrem. Para rawuh paring donga restu Gusti Allah ngijabahi sedaya kabul panyuwunipun. Amin.
- (3) Nyambung Tuwuh  
Nyambung tuwuh (gedhang raja setangkep), ember (mangkok) anak gedhang raja  
Godhong ringin godhong andhong godhong puring (dicemplungake ember diparingi banyu). Cok bakal (takir diparingi tigan pitik kampung diiseni rempah-rempah).  
Sak bab mbantu kajat malih, pudhak paripih kembang setaman perlu kangge nyambung nyiram ingkang dipun sambung siram wiji sangking Maha Kuwaos katuraken dhateng Bapa Adam Ibu Hawa tumurun dhateng kaki-nini kaki-nini tumurun dhateng bapa biyung sangking bapa biyung tumurun dhateng Lastri sekalian pramila dipun sambung siram mug i saged madhep manteb palungguhane ngrembuyunga kekayone ganep among tuwuhe diungkul-ungkule guru dewane dinten selasa kliwon Lastri pinanggih jodhone. Sageda wilujeng ayem tentrem dadia kaki-kaki nini-nini salaminya. Para rawuh kula aturi paring donga restu Gusti Allah ngijabahi sedaya mug i kabul panyuwunipun. Amin.
- (4) Buceng Kuwat (metri)  
Buceng kuwat sing digawe ketan ditetel ing kukusan wujude lincip, niyate mangkene buceng kuwat perlu kangge metri samara bumi nini samara bumi kaki kuwat nini kuwat kaki jangkung nini jangkung sing jangkung Lastri sekalian sageda slamet wilujeng ayem tentrem pinanggih jodhone dinten selasa kliwon. Para rawuh paringa donga restu kang Maha Kuwaos ngijabahi kabula panyuwunipun. Amin.
- (5) Seg a Golong  
Seg a wuduk dipelang i cilik-cilik lawuhe trancam, niyate mangkene  
Golong kangge metri Lastri sekalian wiwite piradat tumuruni kodrat golong gilik nunggal rasa nunggal cipta nunggal karsa pinanggih jodhone dinten selasa kliwon pinanggih rahayu wilujeng ayem tentrem. Para rawuh paringa donga restu Gusti Allah ngijabahi kabula panyuwunipun. Amin.
- (6) Sekul Brok (metri)  
Seg a biasa, lawuhe kulupan, jangan sawernane niyate metri Lastri pinanggih jodhone dinten selasa kliwon metri kadange papat lima pancer pangucap pangandha pangulat pamireng pangrasa nunggal pertapan tebih tan winangenan celak tan senggolan, ugi kakang kawah adhi ari-ari sedaya kapetri mug i- mug i Lastri rahayua ayem tentrem. Para rawuh paringa donga restu Gusti Allah ngijabahi kabula panyuwunipun. Amin.
- (7) Jenang pethak juruh pethak jenang abrit juruh abrit.  
Niyate metri Lastri metri turutan Bapa biyung jenang pethak juruh pethak sangking bapa jenang abrit juruh abrit, sangking biyung manunggale cipta rasa budi nuwuhake Lastri sekalian ayem tentrem. Para rawuh paringa donga restu Gusti Allah ngijabahi kabula panyuwunipun. Amin.
- (8) Mule Metri.  
Ambenge seg a bruk lawuhe iwak pitik diungkusi ditambahi trancam niyate mule metri sing dimule lan dipetri. Wiwitan etan pungkasan kilen kutu-kutu walang togo ingkang ngrasuk agami islam. Seh Subakir ingkang numbali tanah Jawi malaikat Khasim ingkang nyatu sandhang seda rintem dalu. Baginda Ilyas, Baginda Khidir, Empu sekathahing empu (Empu Gending, Empu Domas, Empu Kromoyadi, Empu Gemblep)  
Para nabi para wali para mukmin para usada ingkang nyebarne agami Islam/ juru tani bendung segara-dukut banyu sedaya dipun mule lan dipetri Lastri nampi wahyune jodho dinten selasa kliwon pinanggih rahayu wilujeng, Gusti Allah ngijabahi sedaya kinabulan panyuwunipun. Amin.
- (9) Gula Gimbal-Gula Grising  
Kangge brasta kala dina naga dina was sangar/ gotong tali wangke kala luwang rijalolah kala taun, naga taun, kubure pasundaren jabung wuku uga dina selasa kliwon ingkang kangge jodhohaken semanten sedaya dipun sranani/ gimbal grising. Temantene sageda wilujeng kaken ninen. Gusti Allah ngijabahi sedaya kabul panyuwunipun. Amin.
- (10) Jajan Colomeni (jajan sawernane jajan)  
Niyate kangge metri ngembang pari rusak taman. Mug i temanten sekalian guyub rukun ayem tentrem bagya mulya. Gusti Allah ngijabahi sedaya kinabulan panyuwunipun. Amin.
- (11) Jenang Sengkala  
Jenang abang diwenahi jenang putih ing ndhuwure, niyate nyengkala rina wengi, dina pitu pasaran lima, dina selasa kliwon kangge nampa wahyune jodho, icala beka sengkala balung tinumpuk getih. Cini lung glondhong pangareng-ngareng kadya dikebat barat angin. Kantuna rahayu wilujeng Gustu Allah ngijabahi sedaya kinabulan panyuwunipun. Amin.
- (12) Donga  
Ujub slametan manggulan mantem kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.
- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari  
Ngawruhi panutan kita Nabi Muhammad lan para leluhuripun ingkang nampi wahyune jodho sageda pinaringan slamet wilujeng.
- (2) Nyambung tuwuh  
Nyambung tuwuhe ingkang nampi wahyunipun jodho mug i tansah pinaringan slamet wilujeng guyub rukun salaminya.
- (3) Buceng kuwat  
Inkang nampi wahyune jodho saged kiyat slamet wilujeng.
- (4) Metri mule  
Ngawruhi dinten kalih rintem kalawan dalu, pekenan gangsal, dinten pitu, taun wolu, windu papat, sasi rolas, uku telungpuluh, pramila dipunwilujengi

ingkang nampi wahyunipun jodho panggih rahayu wilujeng.

- (5) Jenang abang, jenang putih, jenang sengkala  
Ngawruhi turutanipun saking bapa biyung lan nulak sedayane kala, mugé anggenipun ingkang nampi wahyunipun jodho saged rahayu wilujeng lan ayem.
- (6) Jenang manggul  
Milujengi sing nduwe gawe, para rewang, lan sakabehe piranti ingkang dipundamel sageda slamet lan lancar.
- (7) Godhong pule, godhong wadhang, godhong kluwih, sega kokoh  
Metri ingkang nampi wahyunipun jodho, mugé tansah pinanggih slamet ayem tentrem ngantos kaken ninen.

#### Slametan Sepasaran Manten

- (1) Jenang Sepuh (jenang abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari (Caos Dhahar)
- (3) Sekul Brok
- (4) Jajan Colomeni (jajan sawernane jajan)
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga  
Ujub slametan sepasaran manten kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Sega brok
- (2) Jenang abang, jenang putih, jenang sengkala

#### **Slametan Wong Ninggal Donya**

##### Slametan Geblag

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)  
Memule panutan turutan dina pitu pasaran lima uga sing nyiptakake sang ibu bumi bapa kuwasa bumi kerta banyu tawa, sing cikal bakal sabet sapone sedaya dimemule jenang sepuh. Pak Noyo kondur dhateng jaman kelanggengan segada padhang dalane, jembar kubure, diakua amale, diapura dosane, bengganga sisane, ayem tentrem wonten ngarsane Allah, ingkang dipun tilar ing alam donya tabah tawakal ayem tentrem, Gusti Allah ngijabahi. Amin.
- (2) Sekul Suci Ulam Sari  
Nyedakohi pak Noyo anggenipun kondur dhateng jaman kelanggengan, padhang dalane, jembar kubure, diakua amale, diapura dosane, ayem tentrem wonten ngarsane Allah. Amin.
- (3) Buceng Kuwat  
Ngawruhi kaki semara bumi nini semara bumi ingkang kangge nyarekne jasade pak Noyo. Kaki kuwat nini kuwat kaki jangkung nini jangkung, sing jangkung kawilujenganipun pak Noyo ing ngarsane Gusti Allah lan manggia kawilujengan ingkang dipun tilar ing donya alam bebrayan, Gusti Allah paring kabul. Amin.
- (4) Apem  
Apem kangge ngentun donga pak Noyo wonten jaman kelanggengan sageda ayem tentrem lan adhem ayem kulawarganipun ingkang dipun tilar

wonten alam bebrayan diparingi tabah tawakal ayem tentrem, Gusti Allah paring kabul. Amin.

- (5) Jenang Sengkala  
Nyengkalani dina pitu pasaran lima, rina wengi, icala beka sengkala, balung tinumpuk, getih cinelung, glondhong pangareng-ngareng dikebata barat lan angin, kantuna rahayu wilujeng, Gusti paring kabul. Amin.
- (6) Donga  
Ujub slametan geblag kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.
  - (1) Buceng pungkur  
Ungkur-ungkur sing ninggal donya karo sing urip, sing ninggal mungkur teka ngalam donya mugé dipuntampi amale lan dingapura dosane.
  - (2) Caos dhahar sekul suci ulam sari  
Ngawruhi anggenipun sing ninggal dingapura dosane lan ditentremake ing ngarsane Gusti Allah.
  - (3) Jenang abang jenang putih jenang sengkala  
Ngawruhi turutane bapa lan biyung, mugé ingkang tilar donya dingapura dosane lan ingkang dipuntilar saged ikhlas.

##### Slametan Telung dinan

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga  
Ujub slametan telung dinan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.
  - (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
  - (2) Sega brok
  - (3) Buceng kuwat
  - (4) Apem
  - (5) Jenang abang jenang putih jenang sengkala
  - (6) Kolak gedhang  
Milujengi ingkang tilar donya kagem nyabrang segara wedang sageda slamet wilujeng.

##### Slametan Pitung dinan

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga  
Ujub slametan pitung dinan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.
  - (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
  - (2) Sega brok
  - (3) Buceng kuwat

- (4) Apem
- (5) Jenang abang jenang putih jenang sengkala
- (6) Kolak gedhang

Slametan Patangpuluh dinan

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga

Ujub slametan patangpuluh dinan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Sega brok
- (3) Buceng kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang abang jenang putih jenang sengkala
- (6) Kolak gedhang

Slametan Nyatusi

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga

Ujub slametan nyatusi kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Sega brok
- (3) Buceng kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang abang jenang putih jenang sengkala
- (6) Kolak gedhang

Slametan Pendhak Pisan

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga

Ujub slametan pendhak pisan kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Sega brok
- (3) Buceng kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang abang jenang putih jenang sengkala
- (6) Kolak gedhang

Slametan Pendhak Pindh

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat

- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga

Ujub slametan pendhak pindh kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Sega brok
- (3) Buceng kuwat
- (4) Apem
- (5) Kolak gedhang

Slametan Nyewoni

- (1) Jenang Sepuh (abang-putih)
- (2) Sekul Suci Ulam Sari
- (3) Buceng Kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang Sengkala
- (6) Donga

Ujub slametan nyewoni kang diandharake dening informan 1, yaiku Mbah Suryani. Banjur dibandhingake karo ujub slametan babaran kang diandharake dening informan 2, yaiku Mbah Sudar kaya ing ngisor iki.

- (1) Caos dhahar sekul suci ulam sari
- (2) Sega brok
- (3) Buceng kuwat
- (4) Apem
- (5) Jenang abang jenang putih jenang sengkala
- (6) Kolak gedhang
- (7) Klepon

Anggenipun wangsul dhateng jaman kalanggengan mugé saged dipuntampi ingkang Maha Kuwaos.

- (8) Bantalan (glepung ketan diwenehi kambil kaya apel njerone diwenehi gula)
- Anggenipun wangsul dhateng jaman kalanggengan mugé saged dipuntampi ingkang Maha Kuwaos, sageda slamet wilujeng.

**Karakteristik Idealistis Nilai Budaya Jawa sajrone**

**Ujub Slametan Siklus Panguripan**

**Nilai Religius sajrone Ujub Slametan**

**Nilai Kaslametan**

.....*pinangka purwakaning atur kepareng ngaturaken Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh njunjung dhuwur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang tansah paring kawilujengan.....*(Lampiran S.Nk.5-10)

**Nilai Kaimanan**

.....*pangestu panjenengan dipunsuwun ing dinten kalenggahan menika perlu ngracik ambeng nggelar gendhuri bekti dhumateng Gusti Allah ugi para Rasul-rasulipun.....* (Lampiran S.Br.10-15)

**Nilai Katakwaan**

.....*njunjung dhuwur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang tansah paring kawilujengan katentreman dhumateng kita sedaya jer nyatanipun dinten kalenggahan menika kita saged pinanggih kanthi karahayon awit pangayomanipun Gusti Allah nggelar slametan uga minangka tandha bekti*

marang Gusti Allah lan para rasul-rasule....(Lampiran S.Bb.5-10)

#### Nilai Kasampurnan

##### Nilai Kawaskitan

....gimbal grising niyate **mbrastha** naga dina kala dina, naga taun kala taun was sangar tali wangke, kala wangke rijalolah jabung wuku kuburi pasung darun bisa sampurna pungkasan anggone nampa pasihing pangeran.....(Lampiran S.Br.65-75)

##### Nilai Filosofis sajrone Ujub Slametan

##### Nilai Kamapanan

##### Nilai Pepesthen

...panyuwune mugu-mugu ingkang Maha Kuwaos paring kawilujengan katentreman dhateng Lastri anggenipun nampi **wahyune jodho** ing dinten Selasa Kliwon Inggang Maha Kuwaos maringana kawilujengan katentreman, dadia kaya dene kaken-kaken ninen-ninen salaminipun..... (Lampiran S.Nk.25-30)

##### Nilai Katumatan

.....tuwuhipun wiji sangking Gusti Allah **turun** dhateng bapa Adam ibu Hawa turun dhateng kaki nini turun dhateng bapa biyung turun dhateng jabang bayi jangkep pitung wulanipun pados toya suci slamet wilujeng ayem tentrem Gusti Allah paring kabul.....(Lampiran S.Mt.30-35)

##### Nilai Kaselarasan

##### Nilai Karukunan

Jajan Colomeni (jajan sawernane jajan) niyate kangge metri ngembang pari rusak taman mugu temanten sekalian guyub **rukun** ayem tentrem bagya mulya Gusti Allah ngijabahi sedaya kinabulan panyuwunipun ... (Lampiran S.Nk.95-100)

##### Nilai Pakurmatan

.....**metri** wiwitan etan pungkasan kilen kutu-kutu walang togo sing ngrasuk agama Islam Seh Subakir sing numbali tanah Jawa Malaikat Khasim sing nata sandhang tedha Baginda Ilyas Baginda Kidir Mbok Sri Unon sing ngatur iline toya Empu Gendhing Empu Gemblep Empu Domas Empu Kromoyadi, juru tani dukut banyu bendung segara nabi wali mukmin para usada sing nyebarake agama Islam kabeh dimemule lan dipetri nyuwun kabul panyuwune.....(Lampiran S.Br.70-80)

##### Nilai Kaagungan

..... niyate metri turutan saking bapa biyung anggenipun **nampi** pasihing Pangeran jangkep pitung wulan yen dumugi lek'e jabang bayi sageda gangsar mayar slamet wilujeng Gusti Allah paring kabul..... (Lampiran S.Br.40-45)

##### Nilai Bebarengan

##### Nilai Kaluwargan

.....pinangka purwakaning atur kepareng ngaturaken Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh njunjung dhuwur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang tansah paring kawilujengan katentreman dhumateng kita sedaya jer nyatanipun dinten kalenggahan menika kita saged **pinanggih** kanthi karahayon awit

panyayomanipun Gusti Allah. Amin Amin Amin Ya Robbal'amin..... (Lampiran S.Nk.1-10)

##### Nilai Katentreman

..... niyate memule panutan dina pitu pasaran lima kang nyiptakake ibu bumi bapa kuwa bumi kerta banyu tawa sing cikal bakal sabet sapone dimemule jenang sepuh mugu wilujeng ayem **tentrem** Gusti Allah ngijabahi kabul panyuwunipun..... (Lampiran S.Bb.20-25)

##### Nilai Etis sajrone Ujub Slametan

##### Nilai Kawicaksanan

##### Nilai Kamengerten

Nuwun **kawigatosanipun** mbok bilih mangke anggenipun kula matur kirang pana kirang nuju prana kepareng kula nyuwun pangapunten ingkang saageng-agengipun pramila kanthi linambaran pepayungan budi rahayu ngaturaken sewu agunging akrami..... (Lampiran S.Gb.0-5)

##### Nilai Kaandhapasoran

**Nyuwun sewu** ing ngriki kula pinangka sesulihipun Pak Sukiran sekalian dinten kalenggahan menika nyuwun tambahing pangestu dhateng panjenengan ugi mboten kesupen ngaturaken sugeng rawuh pangestu panjenengan dipunsuwun ing dinten kalenggahan menika perlu ngracik ambeng nggelar gendhuri bekti dhumateng Gusti Allah ugi para Rasul-rasulipun..... (Lampiran S.Br.10-15)

##### Nilai Kawelasihan

##### Nilai Katresnan

.....pangestu panjenengan dipunsuwun ing dinten kalenggahan menika perlu ngracik ambeng **nggelar** gendhuri bekti dhumateng Gusti Allah ugi para Rasul-rasulipun mugu-mugu anggenipun nampi wahyuning Pangeran ngandhut kawulaning Allah sampun jangkep pitung wulanipun mugu Gusti Allah paring berkah barokah kawilujengan katentreman...(Lampiran S.Br.10-20)

##### Nilai Nguwongake

.....nyuwun sewu ing ngriki kula pinangka sesulihipun Pak Hadi sekalian dinten kalenggahan menika nyuwun tambahing pangestu dhateng panjenengan ugi mboten kesupen ngaturaken **sugeng rawuh** pangestu panjenengan dipunsuwun ing dinten kalenggahan menika perlu ngracik ambeng nggelar gendhuri bekti dhumateng Gusti Allah ugi para Rasul-rasulipun..... (Lampiran S.Br.10-15)

##### Nilai Ngayomi

Gusti Allah SWT ingkang tansah paring kawilujengan katentreman dhumateng kita sedaya jer nyatanipun dinten kalenggahan menika kita saged pinanggih kanthi karahayon awit **panyayomanipun** Gusti Allah.....(Lampiran S.Nk.0-10)

##### Nilai Estetis sajrone Ujub Slametan

##### Tembung Saroja

.....mugu-mugu anggenipun nampi wahyuning Pangeran ngandhut kawulaning Allah sampun jangkep pitung wulanipun mugu Gusti Allah paring **berkah barokah** kawilujengan katentreman

pinaringa rahayu wilujeng ayem tentrem.....

(Lampiran S.Br.15-20)

#### Tembung Camboran Wutuh

.....nyate nyambung tuwuh tuwuhe wiji saking Gusti Allah tumurun dhateng Bapa Adam Ibu Hawa turun dhateng kaki nini turun **bapa biyung** turun dhateng ingkang anggarbina yen wis teka lek'e jabang bayi bisa gangsar mayar.....(Lampiran S.Br.30-35)

#### Tembung Entar

.....nyate mule dina pitu pasaran lima sing nyipta sang **ibu bumi bapa kuwasa bumi kerta banyu tawa** leluhur sing cikal bakal sabet sapone kabeh dimemule jenang sepuh panyuwune muga-muga Gusti Allah ngijabahi kabeh kinabulan panyuwunipun..... (Lampiran S.Br.20-25)

#### Dasanama

.....nyate nyengkalani dina pitu pasaran lima rina wengi icala beka sengkala balung tinumpuk getih cinelung glondhong pangareng-ngareng dikebata **barat** lan **angin** kantuna rahayu wilujeng Gusti paring kabul....(Lampiran S.Gb.40-45)

#### Pepindhan

.....sedaya dipun memule jenang sepuh panyuwune mugi-mugi ingkang Maha Kuwaos paring kawilujengan katentreman dhateng **Lastri** anggenipun nampi wahyune jodho ing dinten Selasa Kliwon Inggang Maha Kuwaos maringana kawilujengan katentreman dadia **kaya** dene kakenkaken ninen-ninen salaminipun.... (Lampiran S.Nk.25-30)

#### Purwakanthi Guru Swara

.....nyate mule dina pitu pasaran lima sing nyipta sang **ibu bumi bapa kuwasa bumi kerta banyu tawa** leluhur sing cikal bakal sabet sapone kabeh dimemule jenang sepuh panyuwune muga-muga Gusti Allah ngijabahi kabeh kinabulan panyuwunipun..... (Lampiran S.Br.20-25)

#### Purwakanthi Guru Sastra

..... Allohumma jejeg jeneng jenengna mangku alam lungguhna krabating Allah slameta kahanane slameta penganut Muhammad **sanggung sunggung** **sanggar** waringin ngiyupana sangisore mbok Sri Sadana berkat kuwat slamet antuk pangandikane Gusti Allah..... (Lampiran S.Nk.105-115)

#### Purwakanthi Guru Basa (Lumaksita)

.....Allohumma jejeg **jeneng jenengna** mangku alam lungguhna krabating Allah slameta kahanane slameta penganut Muhammad **sanggung sunggung** **sanggar** waringin ngiyupana sangisore mbok Sri Sadana berkat kuwat slamet antuk pangandikane Gusti Allah..... (Lampiran S.Nk.105-110)

### **PANUTUP**

#### **Dudutan**

Masyarakat Jawa nduweni tatacara nindakake tradhisi kang saben dhaerah beda-beda. Kaya dene slametan kang ditindakake dening masyarakat Jawa saka slametan kang gegayutan karo klairan jabang bayi, slametan khitanan, slametan pernikahan, lan slametan wong mati.

Wujude ujub kadeleng saka slametan-slametan kang katindakake, mligine kang ditindakake masyarakat ing desa Gedangan. Ing antarane slametan, yaiku ing siklus klairan, khitanan mligine kanggo bocah lanang, pernikahan, lan wong ninggal donya.

Sawise njlentrehake ngenani wujud ujube, banjur bisa dianalisis nilai-nilai budaya kang kinandhut sajrone ujub slametan. Nilai religius kang ana ing tradhisi ujub, yaiku nilai kaslametan lan kasampurnan. Nilai filosofis sajrone tradhisi ujub antarane, nilai kamapanan, nilai kaselarasan, lan nilai bebarengan. Banjur nilai etis kang kinandhut sajrone tradhisi ujub, yaiku nilai kawicaksanaan lan nilai kawelasasihan. Pungkasan, nilai estetis kang ana ing tradhisi ujub nggunakake tatanane tembung-tembung kasustran Jawa, antarane yaiku tembung saroja, tembung camboran wutuh, tembung entar, dasanama, pepindhan, lan purwakanthi, yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi guru basa (lumaksita).

#### **Pamrayoga**

Saka anane panliten iki, dikarepake ana panliten sabanjure kang nggunakake titingan kang beda karo panliten iki. Saliyane iku, kanthi nindakake panliten iki mujudake nggatekake marang tradhisi dhaerah, nguri-uri idhentitas dhaerah, menehi motivasi tumrap generasi mudha supaya luwih nresnani, lan mangerteni nilai-nilai kang kinandhut sajrone ujub slametan.

#### **KAPUSTAKAN**

Alwi, Hasan, Ikk. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi III*. Jakarta: Balai Pustaka.

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Sastra Pendekatan*. Jakarta: Rineka Cipta.

Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng dll*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.

Dharsono. 2007. *Estetika*. Bandung: Rekayasa Sains.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.

Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindata Graha Widia.

Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Hisky Komisariat Jawa Timur.

<http://www.attataya.net/2010/02/tulungagung-sejarah-geografis-dan-tag.html>.

<http://wordpress.com/hermeneutik.html>

Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.

- 1987. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Moleong, Lexi. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- , 2009. *Metode Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada Universiti Press.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soedjadi.
- Peteda. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Poerwadarminto. 1937. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Balai Pustaka.
- , 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- , 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Purwadi. 2005. *Upacara Tradisional Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Estetika Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa-Rekonstruksi Normatif Idealistis*. Yogyakarta: Aditya Media Publishing.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Budaya*. Surabaya: Unesa Unipress-Citra Wacana.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Surajiyo. 2005. *Ilmu Filsafat Suatu Pengantar*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Suseno, Frans Magnis. 2001. *Etika Jawa – Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Usman Ian Akbar. 2003. *Metodologi Penelitian Sosial*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Utomo, Sutrisno Sastro. 2007. *Kamus Lengkap Jawa-Indonesia*. Magelang: Kanisus.
- Yana. 2012. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut.